

Disaster Recovery Centers Adding ApSant Rekiperasyon Katastwòf ajoute Sant Dapèl yo nan Pawas Jefferson Davis, Lafayette ak Rapides; eals Centers in Jefferson Davis, Lafayette and Rapides Parishes; Others Will Close, and All Will Change Hours of Operation

Release Date: December 16, 2020

– Twa Sant rekiperasyon Katastwòf FEMA sou volan (DRC) ap ajoute yon sèvis adisyonèl “Sant Dapèl” nan Pawas Jefferson Davis, Lafayette ak Rapides pou ede moun kap anrejistre yo ki vle konteste detèminasyon FEMA.

Sant Dapèl la dispoze yon zòn datant deyò kote yo ka pale. Sa a pral pèmèt anplwaye yo eksplike pwosesis apèl yo, diskite sou dokiman ki obligatwa ak bay èd avèk ekri yon lèt dapèl. Wap jwenn plis eksplikasyon detaye sou pwosesis rekiperasyon an ansanm avèk pwochen desizyon yo ki pral posib. Okenn randevou pa nesesè.

Nan fason pou asire sekirite tout moun, alafwa sant DRC sou volan ak Sant Dapèl yo kap fonksyone anba gid strik COVID-19. Tout moun (vizitè ak anplwaye) gen obligasyon pou mete yon mask oswa ouvri figi ak pratike distans sosyal.

Lokasyon yo pou Sant Dapèl yo se:



FEMA

Page 1 of 4

Rapides Coliseum (ouvèti 12/18)

5600 Coliseum Blvd

Alexandria, LA 71303

Jefferson Davis Fairgrounds (ouvèti 12/21)

810 Lake Arthur Avenue

Jennings, LA 70546

Browns Park (ouvèti 12/22)

1212 E Pont Des Mouton Rd

Lafayette, LA 70507

Sant dapèl yo ap ouvè Lendi jiska Vandredi, 8 a.m. rive 5 p.m. e Samdi yo apati 10 a.m. pou rive 3 p.m. Fèmen nan Dimanch. Okenn randevou pa nesesè. Sant dapèl yo nan Lake Charles nan Civic Center ak nan Alexandria nan Rapides Coliseum se sa yo kap ouvè sèlman Samedi , 19 Desanm. Tout sant yo ap fèmen 24 Desanm jiska 27 an obsèvasyon fèt Nwèl, re-ouvèti Lendi 28 Desanm nan 8 a.m.

De kyòs DRC, youn nan Breaux Bridge ak youn nan Abbeville, ap fèmen semèn sa a. DRC yo an Eunice ak Rayne ap fèmen semèn pwochen.

DRC nan Breaux Bridge ap fèmen nan 5 p.m. 17 Desanm. Li lokalize nan:



FEMA

Page 2 of 4

Parc Hardy

1290 Rees Street

Breaux Bridge, LA 70517

DRC nan Abbeville ap fèmen nan 5 p.m. 18 Desanm. Li lokalize nan:

LSU Agricultural Center

1105 W. Post Street

Abbeville, LA 70510

DRC nan Eunice ap fèmen nan 5 p.m. 22 Desanm. Li lokalize nan:

Word Ministry Church (teren estasyonman)

1960 W. Laurel Avenue

Eunice, LA 70535

DRC nan Rayne ap fèmen nan 5 p.m. 23 Desanm. Li lokalize nan:

Southside Community Center

403 4th Street



FEMA

Rayne, LA 70578

DRC mobil yo kounye a ouvè sèlman Lendi jiska Vandredi, 8 a.m. pou rive 5 p.m. Yo fèmen Samdi ak Dimanch. Randevou pa nesesè.

Sivivan siklòn Louisiana yo ka vizite nenpòt lòt sant DRC nan eta. Pou localize sant ki toupre a oswa tcheke èdtan fonksyonman yo, vizite: gateway.fema.gov/ESF6/DRCLocator. FEMA jere DRC y oak Biwo Sekirite Enteryè & Preparasyon Ijans Gouvènè a.

Sivivan yo pa bezwen vizite yon sant pou aplike pou asistans federal oswa mete aplikasyon yo ajou. Pou aplike, mande kesyon oswa soumèt enfòmasyon:

Rele Liy èd FEMA nan 800-621-3362 oswa TTY 800-462-7585, vizite www.DisasterAssistance.gov oswa telechaje Aplikasyon Mobil FEMA nan fema.gov/about/news-multimedia/app.

